# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–12 मई 2025** **भोजपुरी समाचार**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु गोरखपुर के सिविल लाइन्स क्षेत्र में नगरीय सेवा केन्द्र अउर सीनियर सिटीजन डे केयर सेंटर क लोकार्पण कइलें। नगर निगम के येह दुन्नो परियोजना पर चउदह करोड़ बाइस लाख रूपिया क लागत आइल हौ। नगरीय सेवा केन्द्र के जरिये नागरिकन के एक्के छत के निच्चे नगर निगम क सज्जो मूलभूत सुविधा मिली जबकि सीनियर सिटीजन डे केयर सेंटर, घर पर अकेल्ले रहे वाले बुजुरूग बदे ढेरे सुविधाजनक होई। येह मौका पर मौजूद जनसमूह के सम्बोधित करत मुख्यमंत्री कहलें कि नागरिकन के जिनगी में जेतना ढेर सुगमता आई, लोकतंत्र क सार्थकता ओतने मजबूत होई। उहां के कहलीं कि हम सबकर ध्येय देस के समृद्ध बनावल होखे के चाही।

***सारा देश समृद्धि को प्राप्त हो यह हमारा एक संकल्प होना चाहिए। जीवन का ध्येय वाक्य बनना चाहिए। हम भी अपना योगदान दे सके देश के विकास में यह हम सबके मन में एक पवित्र भाव होना चाहिए और उसकी भाव के साथ प्रदेश में पिछले आठ वर्ष में प्रधानमंत्री मोदी जी के मार्ग दर्शन में नगरीकरण को और विस्तार देने के क्रम में ऑर्गनाइजेशन के कार्यक्रम को तेजी के साथ फैलाने का एक विस्तरित अभियान सरकार ने लिया।***

एहसे पहिले मुख्यमंत्री गोरखनाथ मंदिर में आयोजित जनता दरसन में करीब डेढ़ सौ लोगिन से मुलाकाति कइ के उनकर समेस्या सुनलें अउर अधिकारियन के निरदेसित कइलें कि हर समेस्या क जुरते निस्तारण सुनिस्चित कइल जाए।

**********

भारत अउर पाकिस्तान के बिच्चे संघर्ष बिराम के बाद नागर विमान परिचालन बदे अस्थाई रूप से बन्द कइल गइल बत्तीस हवाई अड्डन के अब तत्काल परभाव से खोलि दीहल गइल हौ। एहसे पहिले येह बत्तीस हवाई अड्डन के येह महिन्ना के पनरह तारीख ले नागर विमान परिचालन बदे बन्द रक्खल गइल रहे।

**********

केंद्र सरकार अपने ताजा ब्रीफिंग में पाकिस्तानी सेना के दावा क भंडाफोर कइले हौ। पत्र सूचना कार्यालय क फैक्ट चेक इकाई कहले हवे कि पाकिस्तान साक्ष्य के तौर पर छेड़छाड़ वाला फुटेज देखा के अपने लोगिन के गुमराह कइ रहल हौ। सरकार के ओरि से जारी परामर्स में कहल गइल हौ कि जो त कउनों मनई के संदिग्ध समान, खास कइ के भारतीय ससस्त्र बलन चाहे मौजूदा हालति से जुड़ल कउनों अउरियो सूचना देखाई दे त ऊ पीआईबी फैक्ट चेक इकाई के सूचित करें। अइसन समानन के व्हाट्सएप नम्बर–आठ सात नौ नौ सात एक एक दुइ पांच नौ अउर ईमेल आईडी–फैक्टचेक एट द रेट पीआईबी डॉट जीओवी डॉट इन पर भी साझा कइल जा सके ला।

**********

राष्ट्रीय आपदा प्रबंधन प्राधिकरण– एन.डी.एम.ए. भी नागरिकन बदे परामर्स जारी कइले हौ। लोगिन से कहल गइल हौ कि कउनहूं संदिग्ध समान के न छुएं, काहें से कि ऊ बिस्फोटक हो सके ला। एनडीएमए कहले हौ कि जो त लोगिन के कउनों संदिग्ध समान मिले त जुरते स्थानीय अधिकारियन के सूचित करें।

**********

बुद्ध पुन्नमासी क तिउहार आजु पूरा देस में सरधा, भक्ति–भाव अउर हंसीखुसी के वातावरण में मनावल जा रहल हौ। बइसाख महिन्ना के पुन्नमासी तिथि के बुद्ध पूर्णिमा के रूप में मनावल जाला। येह तिथि के भगवान बुद्ध क जनम भइल रहे अउर सथहीं येही तिथि पर उन्हें बोधि अउर महापरिनिर्वाण क प्राप्ती भइल रहे। बुद्ध पुन्नमासी के ले के भगवान बुद्ध से जुड़ल प्रमुख जगहिनि खास कइ के महापरिनिर्वाण स्थली कुशीनगर अउर उनके पहिला उपदेस स्थल सारनाथ में खास आयोजन कइल गइल। कुशीनगर के महापरिनिर्वाण मंदिर में प्रदेस सरकार क कृषि मंत्री सूर्य प्रताप शाही भगवान बुद्ध के मुरती पर चीवर चढ़वलें। कुशीनगर में बुद्ध पुन्नमासी पर एगो खास जतरो निकारल गइल। एगो रिपोर्ट–

***आज प्रातः महापरिनिर्वाण स्थल से बुद्धम शरणम गच्छामि की गूंज के साथ धूमधाम से रथ यात्रा शुरू हुई, जो स्थानीय गांवों और नगर का परिभ्रमण कर संपन्न हुई। रथयात्रा में बौद्धभिक्षुओं तथा स्थानीय जनता के अलावा विदेशों से आए हुए बौद्ध धर्मावलम्बी भी भारी संख्या में शामिल हुए। इस अवसर पर म्यांमार बौद्ध विहार में विविध कार्यक्रम किए गए। विवेक पाण्डेय,आकाशवाणी समाचार, कुशीनगर।***

ओहर, बनारस के सारनाथ में ढेरि संख्या में जुटल बौद्ध भिक्षु विस्व कल्याण अउर सान्ती बदे बिसेस पूजा कइलें। बुद्ध पुन्नमासी के मौका पर प्रयागराज में सरधालु लोगि गंगा में स्नान कइ के धारमिक अनुस्ठान पूरा करवलें।

**********

विराट कोहली टेस्ट क्रिकेट से संन्यास लिहले क घोसणा कइ दिहले हवें। उहां के अपने चउदह सालि क टेस्ट क्रिकेट जिनगी से सन्यास लिहले क खबरि सोसल मीडिया पर साझा कइलीं। विराट कोहली एक सौ तेइस टेस्ट मैच में छियालीस दसमलव आठ–पांच के औसत से नौ हजार दुइ सौ तीस रन बनवले हवें। विराट कोहली, भारत बदे सबसे बेसी रन बनावे वाला चउथा खेलाड़ी हवें।

**********